

**Kapitayan Tumrap Mistis Lan Mitos Sajrone Cerbung Kena Kalaning Sengkala  
Anggitane A. Sardi (Tintingan Antropologi Sastra)**

**Kapitayan Tumrap Mistis Lan Mitos Sajrone Cerbung Kena Kalaning Sengkala  
Anggitane A. Sardi (Tintingan Antropologi Sastra)**

**Titis Putri Kustiningrum**  
**Pembimbing: Yohan Susilo S.Pd., M.Pd.**  
S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)  
Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Surabaya  
[titiskustiningrum@mhs.unesa.ac.id](mailto:titiskustiningrum@mhs.unesa.ac.id)

**ABSTRAK**

Pangripta anggong ngripta karya sastra nggunakake imajinasine ora adoh saka kahanan masyarakat. CSKKS yaiku sawijine karya sastra sing diciptakake dening A. Sardi sing terbit taun 2017 lan dimot ing majalah Djaka Lodang. Cerbung iki nyeritakake kapitayan turamp mitos lan mistis. Kapitayan tumrap mitos lan mistis narik kawigaten kanggo diteliti nggunakake tintingan antropologi sastra. Underane panliten ana telu, yaiku: (1) kepriye wujud kapitayan tumrap mitos sajrone CSKKS?, (2) kepriye wujud kapitayan tumrap mistis sajrone CSKKS?, lan (3) kepriye panemune masyarakat ngenani kapitayan tumrap mistis lan mitos?. Tujuwan panliten supaya ngasilake analisis ngenani kapitayan tumrap mitos lan mistis. Saliyane kuwi kaajab kanggo nuwuhake kawruh anyar ngenani kapitayan tumrap mitos lan mistis.

Panliten kapitayan tumrap mitos lan mistis nggunakake ancangan deskriptif kualitatif. Dhata sing digunakake yaiku (1) teks CSKKS, lan (2) artikel, jurnal lan buku literature kanggo lelandhesan analisis. Teknik nglumpukake dhata nggunakake teknik maca, nyathet lan riset kapustakan. Panliten dilaksanakake bertahap, yaiku nglumpukake dhata, ngolah dhata lan nulis asil panliten. Kanggo ngonceki kapitayan nggunakake pamawase Endraswara, mitos nggunakake pamawase Ratna, mistis nganggo pamawase Geerts lan Koentjaraningrat.

Asil panliten kapitayan tumrap mitos yaiku (1) petungan, lan (2) pralambang. Kapitayan tumrap mistis yaiku (1) bangsa alus, lan (2) ilmu gaib. Kapitayan tumrap mitos yaiku (1) petungan kanggo nikah lan lelungan adoh, (2) pralambang nabrak kucing buntute ukel. Kapitayan tumrap mistis yaiku (1) bangsa alus awujud bocah cilik, wanita, lan bangsa alus sing manjing ing ragane manungsa, lan (2) ilmu gaib yaiku dhukun ramal, lan nambani penyakit.

**PURWAKA**

**1.1 Landhesan Panliten**

Karya sastra yaiku sawijine seni sing diciptakake dening manungsa adhedhasar daya imajinasi. Imajinasi minangka daya pikire manungsa. Daya pikir lan imajinasi bisa ngasilake karya sastra. Karya sastra lair amarga pangripta nduweni pepenginan kanggo medhar idhe, gagasan, lan pesan saka imajinasi lan realitas sosial budayane. Karya sastra mujudake kedadean sosial budaya sing nggayutake kreativitas pangripta. Karya sastra lair saka pengalaman sing wis ana ing jiwane pangripta lumantar proses imajinasi (Nurgiyantoro, 2010:57).

Miturut Ratna (2013:336) karya sastra minangka asil *imajinasine* pangripta, saengga ana sesambungan antara *imajinasine* pangripta lan kadadeyan ing donya. Karya sastra minangka wujud nyata *imajinatif kreatif* sastrawan kanthi proses antara pangripta siji lan pangripta liyane. Proses kasebut asipat individualis, tegese cara sing digunakake dening pangripta bisa beda-beda. Pambedane yaiku saperangan bab metode, anane proses kreatif lan cara ngandharake nganti basa sing digunakake.

Miturut Darni (2016:3) sastra Jawa modern yaiku sastra Jawa sing ana ing tengah-tengah masyarakat Jawa. Periode sastra Jawa modern diwiwiti nalika laire novel Serat Riyanto anggitane R.M Soelardi (1920), sing nduweni *keistimewaan* yaiku wis ninggalake istana sentris lan unsur pamangune padha karo novel sajrone karya sastra. Anane sastra Jawa modern bisa dideleng sajrone majalah minggu sing nggunakake basa Jawa yaiku Panyebar Semangat, Jaya Baya lan Djaka Lodang.

Crita sambung yaiku karya sastra awujud cerkak sing sambung sinambung. Cerbung ditulis nggunakake alur sing rada dawa, latar luwih jembar, pamaragane luwih *detail* lan nduweni alur wektu sing sambung sinambung. Saliyane kuwi, biyasane kapacak ing majalah utawa medhia cetak liya lan edhisine luwih saka siji.

Ratna (2011:52) ngandharake antropologi yaiku pasinaon ngenani karya sastra karo *relevansi* manungsa (*anthropos*). Miturute Ratna (2011:68) antropologi sastra nduweni paedah kanggo madai *kecenderungan-kecenderungan* ngenani asil karya sastra sing ngrembug ngenani bab *kearifan lokal*. Antropologi sastra kalebu antropologi kultural, yaiku perangane antropologi sing ana gandheng cenenge karo karya sastra. Analisis antropologi

## Kapitayan Tumrap Mistis Lan Mitos Sajrone Cerbung Kena Kalaning Sengkala Anggitane A. Sardi (Tintingan Antropologi Sastra)

sastra medhar prakara, antarane yaiku: (1) pakulinan jaman biyen sing isih ditindakake dening pangripta sastra; (2) njlentrehake *akar* tradisi utawa subkultural sarta kapitayan sing dicakake sajrone karya sastra; (3) mbenerake tintingane tumrap aspek para sutresna sastra etnografis; (4) nuduhake kepriye proses pawarisan miturut pranatan tradhisional; (5) mbenerake unsur-unsur etnografis utawa budaya masyarakat sing mercayani karya sastra; (6) nindakake tintingan tumrap simbol-simbol mitologi lan pola pikir masyarakat.

Perkara sing wis diandharake, mula njupuk salah sawijine karya sastra sing ngrembug ngenani kapitayan yaitu salah sawijine crita sambung minangka obyek panliten kanthi tintingan antropologi sastra. Panliten kanthi tintingan antropologi sastra iki ngrembug ngenani kapitayan ing masyarakat Jawa. Kapitayan sing dadi pakulinan jaman biyen lan asring ditindakake nganti saiki. Cerbung sing diteliti kanthi irah-irahan *Kena Kalaning Sengkala* anggitane A. Sardi sing dimot ing majalah Djaka Lodang seri 6 (8 Juli 2017) nganti seri 15 (9 September 2017) utawa ana 10 seri. Kanggo nggampangake, *Crita Sambung Kena Kalaning Sengkala* sabanjure diarani CSKKS.

A. Sardi yaiku salah sawijine pangripta sastra Jawa sing kalebu prodhuktif. Pangripta sastra Jawa *modern* asale saka Solo, Jawa Tengah wis ngasilake karya sastra akeh. A. Sardi nulis wiwit taun 1982 lan dadi penulis *aktif* wiwit dadi guru nganti saiki. Karya sing wis diasilake akeh. Saliyane kuwi uga kapacak ing majalah kayata majalah Jaya Baya (Surabaya), Djaka Lodang (Yogyakarta), Solopos (Solo), Harian Umum (Semarang), Kedaulatan Rakyat (Yogyakarta), Hidup (Jakarta) lan Bobo (Jakarta). Karya sastra sing diasilake awujud crita sambung lan geguritan. Tuladhane geguritan sing diasilake yaiku dalu dadi, pepeling, nglangut, grimis ing wayah sore, turuten dalam iki, lansapanunggalane. Cerbung sing diasilake lan kapacak ing majalah Djaka Lodhang yaiku s-m-s peteng, tarung, calon arang, kena kalaning sengkala, lansapanunggalane. A. Sardi lair ing Sleman, 30 Juni 1962. Panjenenganipun miwiti sekolah ing SD Negeri Pandoiwoharjo III Sleman, Yogyakarta taun 1969-1975. Banjur sekolah ing SMP St. Aloysius Danggung, Sleman taun 1975-1979. Banjur SPG Negeri IKIP Yogyakarta taun 1979-1982. Banjur nerusne ing *jenjang* D1 STKat Pradnyawidya Yogyakarta lan S1 IKIP Jurusan KTP ing Fakultas Pendidikan taun 1981-1989.

Endraswara (2006:38) ngandharake kapitayan yaiku paham sing asipat *dogmatis* sing ana sajrone adat-istiadat ing kauripan suku bangsa sing percaya marang apa wae sing dinut utawa dipercaya dening leluhur. Kapitayan ing masyarakat dinggep minangka panutan. Kanthi anane kapitayan manungsa bisa rumangsa wis nggayuh kauripan sing satenane. Manungsa nduweni *keterbatasan* akal

saengga mbutuhake kakuwatan liya sing luwih onjo utawa *dominan*. Kakuwatan kasebut bisa digayuh kanthi cara nindakake bab mistis adhedhasar mitos-mitos sing wis ana sadurunge.

Mitos *secara* leksikal yaiku carita ngenani bangsa, dewa lan makhluk kodrati, sing ngandhut penafsiran uga alam gaib (Ratna, 2011:110). Endraswara (2003:5) ngandharake yen mitos dipercaya nduweni *local genius* utawa *kearifan lokal* sing luar biasa. Mistis yaiku bab-bab ora tinemu nalare manungsa utawa ora kagayuh dening akale manungsa (KBBI Edisi Kapindho:661). Saliyane kuwi mistis uga diarani kapitayane manungsa tumrap kakuwatan-kakuwatan gaib sing ana ing sakiwa tengene manungsa.

Alasan nlinti kapitayan tumrap mistis lan mitos sajrone CSKKS anggitane A. Sardi yaiku, kaping pisan cerbung iki durung nate diteliti kanthi tintingan antropologi sastra kanthi cara nganalisis cerbung lan ndhudhah panemune masyarakat. Kaping pindho, A. Sardi minangka salah sawijine pangripta sing pantes dicatet asmane sajrone sejarah pangrembakane sastra Jawa. Kaping telu, diteliti kanthi tintingan antropologi sastra amarga ngrembug ngenani kapitayan tumrap mistis lan mitos sing ana ing sakiwa tengene masyarakat Jawa lan nindakake *pendekatan* tumrap simbol-simbol mitologi lan pola pikir masyarakat.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, panliten iki ditintangi nganggo tintingan antropologi sastra. Antropologi sastra digunakake kanggo ngonceki kapitayan tumrap mistis lan mitos kanthi cetha lan jeru. Panliten iki diajab nduweni paedah tumrap pamaos kanggo nambahi kawruh bab kabudayaan Jawa, mligine ngenani kapitayan tumrap mistis lan mitos. Saliyane kuwi bisa kanggo kawruh lan medhia hiburan ngenani karya sastra sing nyritakake ngenani mistis lan mitos.

### 1.2 Underane Panliten

Adhedhasar landhesan panliten, mula underan panlitene kaya mangkene:

- (1) Kepriye kapitayan tumrap mitos sajrone *Crita Sambung Kena Kalaning Sengkala* anggitane A. Sardi?
- (2) Kepriye kapitayan tumrap mistis sajrone *Crita Sambung Kena Kalaning Sengkala* anggitane A. Sardi?
- (3) Kepriye panemune masyarakat ngenani kapitayan tumrap mistis lan mitos?

# Kapitayan Tumrap Mistis Lan Mitos Sajrone Cerbung Kena Kalaning Sengkala Anggitane A. Sardi (Titingan Antropologi Sastra)

## 1.3 Ancase Panliten

Andhedhasar underane panliten ing ndhuwur, mula panliten iki nduweni ancasa kaya mangkene:

- (1) Ngandharake wujud kapitayan tumrap mitos sajrone *Crita Sambung Kena Kalaning Sengkala* anggitane A. Sardi
- (2) Ngandharake wujud kapitayan tumrap mistis sajrone *Crita Sambung Kena Kalaning Sengkala* anggitane A. Sardi
- (3) Ngandharake panemune masyarakat ngenani kapitayan tumrap mistis lan mitos

## 1.4 Paedahe Panliten

Paedah sing dadi pangarep-arep ing panliten iki, yaiku:

- 1) Kanggo studi sastra, panliten iki dikarepake bisa nambah kawruh ngenani pangetrapane teori antropologi sastra, mligine sajrone *Crita Sambung Kena Kalaning Sengkala*. Bisa dadi *motivasi* tumrap panliti sastra sing nggunakake titingan antropologi sastra.
- 2) Kanggo pamaos, panliti iki dikarepake bisa nyengkuyung lan ngleluri pangrembakane sastra lan budaya Jawa, bisa nambahi kawruhe pamaca ngenani kahanan masyarakat Jawa, sing ana gandheng cenenge karo kapitayan tumrap mitos lan bisa ngundhuh bab sing becik lan ngedohi bab sing ala saka *Crita Sambung Kena Kalaning Sengkala*.
- 3) Kanggo pasinaonan sastra, panliten iki dikarepake bisa didadekake sumber informasi kritik sastra sajrone pasinaonan sastra ing donya pawiyatan.

## 1.5 Watesane Panliten

Supaya ora uwal saka bab sing wis dironce, mula panliten ana wewatesane, yaiku:

- (1) Kapitayan  
Kapitayan yaiku paham sing asipat *dogmatis* sing ana sajrone adat-istiadat ing kauripan suku bangsa sing percaya marang apa wae sing dinut utawa dipercaya dening leluhur (Endraswara, 2006:38)
- (2) Mitos  
Carita suci kanthi wujud simbolik sing nyritakake reroncen prastawa nyata lan *imajiner* babagan asal-usul lan owah-owahane alam donya, dewa dewi, kakuwatan-kakuwatan kodrati, manungsa, pahlawan lan masyarakat (Endraswara, 2003:193)
- (3) Mistis  
Mistis yaiku bab-bab sing ora temu nalare manungsa utawa ora kagayuh dening akale manungsa (KBBI Edisi Kapindho:661)
- (4) Cerita Sambung  
Cita sambung yaiku karya sastra awujud cerkak sing sambung sinambung, alure rada dawa, latare luwih

jembar, pamaragane luwih *detail* lan nduweni alur wektu sing sambung sinambung.

## METODHE PANLITEN

### 3.1 Ancangan Panliten

Panliten kapitayan tumrap mistis lan mitos sajrone CSKKS nggunakake metodhe analisis deskriptif kualitatif. Ratna (2009:46-47) ngandharake metodhe kualitatif padha karo metodhe hermeneutika kualitatif lan analisis isi kanthi cara nafsirake banjur nyuguhake dhata awujud dheskripsi. Panliten antropologi sastra sumber ana telu, yaiku manungsa, artikel sastra lan biografi.

Metodhe sing digunakake yaiku metodhe panliten deskriptif kualitatif yaitu ndeskripsikake aspek kapitayan tumrap mistis lan mitos banjur ngandharake panemune masyarakat ngenani kapitayan tumrap mistis lan mitos. Panliten kualitatif yaiku panliten sing tujuwane kanggo mangerteni fenomena sing dumadi ing subjek panliten, tuladhane tumindak, persepsi, motivasi, lansapanunggalane, kanthi holistik cara deskripsi awujud tembung dan basa, sajrone konteks khusus sing alamiah lan paedahe minangka metodhe alamiah (Moleong, 2007:6). Panliten kualitatif asipat deskriptif, yaiku dhata sing digunakake sajrone panliten awujud tembung, gambar, lan dudu angka-angka amarga ngetrapake metodhe kualitatif (Moleong, 2007:11).

Endraswara (2011:5) ngandharake sing prelu digatekne sajrone panliten kualitatif, yaiku:

- (1) Panliti minangka instrumen sing maca karya sastra
- (2) Panliten ditindakake kanthi cara deskriptif, tegese ngandharake kanthi wujud tembung utawa gambar sing dibutuhake, ora awujud angka
- (3) Nengenake proses tinimbang asil, amarga karya sastra minangka fenomena sing ngandhut *penafsiran*
- (4) Analisis kanthi cara induktif
- (5) Makna sing paling utama

Panliten digayutake karo nilai-nilai budaya, norma utawa hukum, kawruh, kapitayan, pamikiran lan kapitayane masyarakat. Ndeskripsikake aspek kapitayan tumrap mistis lan mitos banjur ngandharake panemune masyarakat ngenani kapitayan tumrap mistis lan mitos. Metodhe panliten deskriptif kualitatif digunakake kanggo nggambarake kedadeyan yaitu ndeskripsikake kabeh aspek kapitayan tumrap mistis lan mitos banjur ngandharake panemune masyarakat ngenani kapitayan tumrap mistis lan mitos. Dhata-dhata diidentifikasi, dianalisis, dideskripsikake, banjur diinterpretasekake miturut tujuan sing dikarepake. Panliten kualitatif minangka prosedur panliten sing ngasilake dhata deskriptif awujud tembungukara tinulus utawa lisane wong lan tumindak sing diamati.

## Kapitayan Tumrap Mistis Lan Mitos Sajrone Cerbung Kena Kalaning Sengkala Anggitane A. Sardi (Tintingan Antropologi Sastra)

### 3.2 Sumber Dhata

Sumber dhata yaiku salah sawijine perangan sing wigati sajrone panliten. Sumber dhata diperang dadi loro, yaiku sumber dhata *primer* lan sumber dhata *sekunder* (Arikunto, 2006:128). Sumber dhata *primer* yaiku sumber dhata sing paling utama utawa pokok. Sumber dhata *sekunder* yaiku sumber dhata sing dadi panyengkuyunge dhata *primer*, nanging sumber dhata *sekunder* uga wigati tumrap panliten.

Sumber dhata panliten iki yaiku crita sambung *Kena Kalaning Sengkala* anggitane A. Sardi. Cerbung iki kapacak ing majalah Djaka Lodang seri 6 (8 Juli 2017) nganti seri 15 (9 September 2017). Cerbung iki kapacak ing rubrik crita sambung (crita sambung) sing kaperang dadi 10 seri utawa episode. Cerbung *Kena Kalaning Sengkala* minangka sumber dhata *primer*. Dene sumber dhata *sekundere* yaiku artikel lan buku-buku literature sing digunakake kanggo lelandhesan analisis.

### 3.2 Dhata Panliten

Miturute Arikunto (2006:12) dhata bisa diarani bahan sing dionceki sajrone panliten. Panliten apa wae ora bisa uwal saka dhata. Jinise dhata sajrone panliten uga maneka warna. Panliten kualitatif iki nggunakake dhata-dhata sing ngandharake sesambungan antara gejala-gejala sosial sing ora bisa dijlentrehake nganggo angka, nanging ora bisa ditegesi yen panliten kualitatif ora kena nggunakake angka babar pisan.

Sajrone ilmu sastra, sumber dhata sing digunakake awujud karya utawa naskah. Dhata panlitene yaiku tembung-tembung, ukara lan wacana kasusastran. Dhata *primer* sing digunakake panliten iki awujud tembung, paragraf sing awujud cecaturan utawa naratif sing nggambarake kapitayan tumrap mistis lan mitos sajrone CSKKS. Dhata *sekundersing* kanggo nyengkuyung dhata *primer* yaiku, buku-buku teori lan artikel-artikel ngenani kapitayan tumrap mistis lan mitos.

### 3.3 Instrumen Panliten

Sugiyono (2006:102) ngandharake yen instrumen panliten yaiku piranti sing digunakake kanggo ngukur fenomena alam utawa fenomena sosial sing diteliti. Instrumen panliten yaiku piranti utawa alat bantu sing dipilih lan digunakake panliti sajrone kagiyatan nglumpukake dhata saengga kagiyatan kasebut dadi sistematis lan nggampangake tumrap panliten (Arikunto, 2006:227).. Adhedhasar pamawas kasebut, dudutane yaiku instrumen sajrone panliten yaiku panliti dhewe.

Instrumen panliten iki diperang dadi loro, yaiku instrumen pokok lan instrumen sekunder. Instrumen pokok panliten iki yaiku panliti, dene instrumen *sekundere* artikel-artikel ngenani kapitayan tumrap mistis lan mitos.

### 3.4 Tatacara Nglumpukake Dhata

Panliti nglumpukake lan nganalisis dhata kanthi tahap-tahap panliten miturut Semi (2012: 38), yaiku diwiwiti saka milih objek panliten, nindakake panliten, nganti asil panliten awujud laporan panliten ilmiah. Sajrone panliten mbutuhake teknik ngumpulake dhata. Teknik ngumpulake dhata sajrone panliten yaiku teknik maca, nyathet, nglumpukake artikel-artikel lan riset kapustakan. Teknik maca lan nyathet mujudake teknik sing digunakake kanggo nganalisis dhata kanthi cara maca teks minangka objek panliten.

Tata cara sing digunakake kanggo ngumpulake dhata miturut Endraswara (2003:162-163) diperang dadi telu, yaiku:

- (1) Nemtokake *unit* analisis saka kabeh dhata sing wis dikumpulake banjur diperang-perang maneh supaya gampang anggone *mengklasifikasikan* dhata sing bakal diteliti. Perangane ana loro, yaiku perangan cilik lan perangan sing luwih rinci
- (2) Nemtokake dhata yen karya sastra sing diteliti awujud karya sing diterbitne arupa novel. Mula kudu ditemtokake dhisik tanggal/taun terbit, jenenge novel lan prekara apa sing arep dirembug utawa diteliti.
- (3) Nyathet dhata sajrone panliten iki mligine karya sastra tulis, dhata sing arep diteliti awujud dhata *simbolik* lan prelu anane cathetan-cathetan. Anggone nyathet dhata ana pituduh sing kudu digatekake, yaiku latiyen lan persiapan sing bener saengga bisa nyathet kanthi pener, nyathet bab-bab sing nuduhake pesen lan makna *simbolik* lan nyathet tetembungan sing ora dimangerteni.

Adhedhasar perangan ing ndhuwur, banjur carane nglumpukake dhata ana telung tahapan, yaiku:

- (1) Nggolek crita sambung kanthi irah-irahan *Kena Kalaning Sengkala* anggitane A. Sardi ing majalah Djaka Lodang
- (2) Maca bola-bali cerbung *Kena Kalaning Sengkala* banjur ditengeri

Dhata sing nyengkuyung yaiku saka internet, jurnal, artikel, lansapanunggalane banjur diklompokake dadi siji miturut kebutuhane.

### 3.5 Teknik Nganalisis Dhata

Panliten iki mujudake panliten deskriptif yaiku luwih akeh ngandharake prekara sarjone cerbung lan artikel ngenani panemune masyarakat. Dhata sing wis diklumpukake banjur dianalisis kanthi cara kualitatif lan njlentrehake awujud deskriptif. Metodhe panliten dheskriptif digunakake kanggo nganalisis sakabehane dhata. Sadurunge nganalisis dhata, sing kudu ditindakake yaiku ngumpulake dhata, nglompokake miturut kabutuhane lan nganalisis dhata nggunakake landhesan

## Kapitayan Tumrap Mistis Lan Mitos Sajrone Cerbung Kena Kalaning Sengkala Anggitane A. Sardi (Titingan Antropologi Sastra)

teori. Asil analisis banjur dijlentrehake adhedhasar perkara sajrone panliten. Metodhe dheskriptif digunakake kanggo ngandharake aspek antropologi sastra sajrone objek panliten.

Miturut Sugiyono (2015:243) sajrone panliten kualitatif dhata oleh saka sumber kanthi nggunakake teknik nglumpukake dhata lan ditindakake sakakeh-akehe nganti dhatane mlumpuk kabeh. Dhata sing wis dikumpulake, bisa nuwuhake dhata sing akeh lan maneka warna.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, banjur panliten iki anggongone nganalisis kaya ing ngisor iki:

- (1) Maca, nyinaoni lan mangerteni dhata sing wis dikumpulake.
- (2) Menehi tenger lan nganalisis prekara sajrone crita sambung *Kena Kalaning Sengkala* anggitane A. Sardi.
- (3) Njlentrehake wujud kapitayan tumrap mitos sajrone crita sambung *Kena Kalaning Sengkala* anggitane A. Sardi.
- (4) Njlentrehake wujud kapitayan tumrap mistis sajrone crita sambung *Kena Kalaning Sengkala* anggitane A. Sardi.
- (5) Njlentrehake panemune masyarakat ngenani kapitayan tumrap mistis lan mitos.
- (6) Ngandharake asile panliten kanthi cetha lan selaras karo underane panliten lan tujuwane panliten
- (7) Asile panliten disusun kanthi wujud *draft* skripsi Nggawe dudutan lan pamrayoga

### ANDHARAN LAN JLENTREHAN

#### 4.1 Kapitayan tumrap Mitos sajrone Crita sambung Kena Kalaning Sengkala

Mitos sing ngrembaka ing Jawa miturute Endraswara (2003:194-196) iki maneka warna, ana mitos sing awujud gugon tuhon, pralambang impen, mitos ngenani legenda utawa dongeng lan sirikan (samubarang sing kudu didohi dening manungsa). Ing ngisor iki diandharake ngenani wujud mitos, yaiku gugon tuhon lan pralambang. Masiya kalebu masyarakat *modern*, nanging saperangan masyarakat isih percaya. Saliyane kuwi dipercaya minangka sarana pendidikan supaya masyarakat nduweni aturan.

CSKKS minangka karya sastra sing nyritakake ngenani mitos. Salah sawijine mitos sing dipercaya dening masyarakat sajrone cerbung yaiku gugon tuhon lan pralambang. Dene bab legenda utawa dongeng lan sirikan ora ditemokake. Crita ngenani mitos dicritakake kanthi gamblang.

##### 4.1.1 Gugon Tuhon

Suwarni (2018:10) ngandharake tembung gugon tuhon dumadisaka tembung gugon lan tuhon. Gugon saka

tembung gugon+an=gugon. Tegese gugon yaiku manut, panambang –an nduweni fungsi tembung aran. Dadi, gugon yaiku sipat utawa wewatekan gampang percaya omongan wong utawa dongeng. Tembung tuhon saka tembung tuhu+an=tuhon, tegese setya, nyata, bener, tenanan. Dadi, tuhon yaiku sipat utawa watak gampang nuruti omongane wong utawa dongeng. Gugon tuhon nduweni teges (a) kata sifat yaiku sipat gampang nuruti omongan utawa dongeng sing sejatine ora perlu dituruti, (b) kata nomina yaiku omongan utawa dongeng sing dipercaya nduweni kakuwatan, yen ora nuruti gugon tuhon bakal nandang kasangsaran.

Gugon tuhon sajrone CSKKS nyritakake kulawarga sing percaya petungan Jawa. Masyarakat Jawa isih percaya anane dina becik utawa petungan. Petungan uga kalebu ing gugon tuhon. Geertz (1981:39) ngandharake yen sistem petungan minangka dalan kanggo ngandharake sesambungan antaran salah sawijine bab banjur dipadhakne tumindake manungsa karo sistem. Petungan dipercaya minangka salah sawijine cara kanggo tolak balak.

Koentjaraningrat (1981:128-129) ngandharake sadurunge namtokake dina kanggo nikahan lumrahe ana lamaran, yaiku kulawarga calon manten lanang tindak menyang omahe calon manten wadon. Kulawarga lanang biyasane nggawa bingkisan utawa paningset. Paningset nduweni tujuwan, yaiku kanggo *mengikat* calon manten wadon saka calon manten lanang. (Koentjaraningrat, 1981:130) uga ngandharake nalika lamaran nekakake mbah dhongke sing ngitung wetone sakloron kanthi nyocogake telung penanggalan, yaiku (1) tanggalan Jawa-pura-Islam, (2) tanggalan Islam, lan (3) tanggalan Nasrani. Banjur yen wis ketemu tanggal sing cocog, milih dina sing disarujuki dening kulawarga sakloron. Sajrone CSKKS uga ngrembug petungan Jawa yaiku nggolek dina becik kanggo dina nikahan lan dina becik kanggo lelungan adoh.

Petungan sajrone CSKKS nyritakake kulawargane Joko nalika tindak menyang daleme Dewi saperlu nindakake lamaran. Lamaran iki tujuwane kenalan antarane rong pihak kulawarga, saliyane kuwi nyuwun restu sadurunge nikahan lan nembung yen anake Pak Tejo bisa dadi sisihane lan mangun bale wisma karo Joko bocah lanang sing dadi pepacangane wiwit isih kuliah. Saliyane kuwi uga kanggo nyambung paseduluran yaiku kanthi aran besan lumantar anake. Pethikane ana ing ngisor iki.

Ing wektu kang wis katemtokake, Joko kinanthi bapak lan ibune mara ing omahe Dewi, nedya ngaturake kekeparepan bakal ngepek bojo Dewi.  
(A.Sardi. 2017. *Djaka Lodang*. No. 07, 15/7/2017. Halaman 2)

Pethikan ing ndhuwur nyritakake yen kulawargane Joko tindak menyang daleme Dewi, yaiku kanthi tujuwan

## Kapitayan Tumrap Mistis Lan Mitos Sajrone Cerbung Kena Kalaning Sengkala Anggitane A. Sardi (Titingan Antropologi Sastra)

lamaran. Lamaran iki tujuwane yaiku kenalan antarane rong pihak kulawarga supaya luwih raket, banjur nyuwun restu marang wong tuwa sadurunge nikahan lan nembung utawa nyuwun anake Pak Tejo bakal mangun bale wisma utawa nembung Dewi supaya dadi sisihane Joko. Pak Tejo lan Bu Tejo nampa kanthi gamblang rawuh lan apa sing dikarepake kulawargane Joko. Banjur gathuk lan padha karo kekarupane kulawargane. Wong tuwane bocah wadon iki nglilani yen anake bakal mangun bale wisma bebarengan karo pacangane sing nduweni sesambungan wis suwi. Pancen bocah sakloron iki wis suwi anggone pepacangan, yaiku wiwit isih ing bangku kuliah nganti wis kerja. Mula, kabeh wong tuwane uga wis mangerteni ngenani sesambungane. Nalika kekarone rumangsa wis mapan anggone nyambut gawe lan wis siap mangun bale wisma, mula bocah sakloron siap nindakake jejodhowan.

Lamaran minangka tradisi sing ditindakake sadurunge nikahan. Tujuwane kanggo nemokake rong kulawarga lan nembung **pawongan supaya dadi garwane**. Bab kaya mangkono pancen wis lumrah nalika anake wis padha-padha siap mangun bale wisma. Pethikan sabanjure sing nuduhake wong tuwane Dewi nampa kanthi gamblang ana ing ngisor iki.

Wong tuwane Dewi sakloron nglenggana, pasrah bongkokan nurut apa sing dadi kersana kulawargane Joko, kang tembung, kepengin nyambung paseduluran  
(A. Sardi. 2017. *Djaka Lodang*. No. 07, 15/7/2017. Halaman 2)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake yen kulawargane Dewi pasrah marang apa sing dikarepake dening kulawargane Joko, yaiku kanthi tembung kepengin nyambung paseduluran. Nyambung paseduluran tegese sambung seduluran lumantar anake, yaiku minangka besan. Mula, sawise ngrembug bab kuwi, kulawargane Joko lan Dewi ngrembug kapan dina nikahane anake. Kulawargane Joko ngrusakne yen nikahane kuwi sacepete.

Sajrone CSKKS ngrembug ngenani pawongan *modern* sing isih percaya karo adat Jawa, yaiku Pak Tejo lan Bu Tejo ngugemi petungan kanggo nggoleki dina becik. Bisa dibuktakake nalika arep nikahake anake wadon siji-sijine. Wong loro iki ngrumangsani yen dheweke minangka masyarakat Jawa senajan klebu masyarakat *modern*, saengga kudu nglestarekake budaya Jawa. Saliyane kuwi nduweni karep yen anake bakal kadhaup miturut adat Jawa sing isih ngrembaka ing masyarakat. Bisa dideleng sajrone pethikan ing ngisor iki.

Pungkasaning rembug, Dewi lan Joko bakal kadhaupake miturut tata cara adat kang lumaku. Yaiku adat kejawen. Jer bapak lan ibune Dewi isih ngrumangsani lan ngenggoni jejeran wong Jawa.  
(A. Sardi. 2017. *Djaka Lodang*. No. 07, 15/7/2017. Halaman 2)

Masyarakat Jawa saiki, isih akeh sing ngugemi kabudayaan Jawa. Salah sawijine kabudayaan sing isih diugemi dening yaiku petungan. Petungan biyasane digunakake nalika arep madek omah, nduweni kajat, munggah gendheng, pindhah omah, bukak toko, lan sapanunggalane. Kuwi mono dipercaya yen dina sing dipilih yaiku dina becik lan adoh saka bebaya utawa kacilakan. Dene bukak toko, dipercaya yen dina becik sing dipilih bisa rame anggone dodolan.

Petungan dina utawa nggolek dina becik nduweni rong jinis, yaiku dina becik lan dina ala. Dina becik yaiku dina sing dianggep bisa nggawa berkah lan adoh saka bebaya, saliyan kuwi dipercaya nggawa kabegjan. Golek dina becik biyasane digunakake nalika arep nduwe gawe, pindhah omah, madeg omah, lan liya-liyane. Dene dina ala yaiku dina sing ora becik sing dipercaya yen dina kuwi bakal nuwuhake bebaya utawa kacilakan. Dina ala dipercaya ora oleh kanggo nduwe gawe, pindhah omah, madeg omah lan liya-liyane. Bab petungan uga ana sajrone CSKKS, dibuktakake nalika kulawargane Dewi lan kulawargane Joko nggolek dina becik kanggo nikahane anake. Wong tuwane sakloron pancen isih ngugemi petungan amarga percaya minangka tinggalane leleuhur sing kudu dilestarekake lan supaya ora kliru anggone milih dina. Senajan ing jaman *globalisasi* nanging isih ngugemi petungan. Bab kasebut digambarake sajrone pethikan ing ngisor iki

Mula saweneh tumindak kanthi direncana adhedhasar petungan kejawen. Nalika dumadi rembugan nemtokake wektu kapan tumapaking ijab neningkahan. Wong tuwane Dewi, mligine bapakne, durung bisa nemtokake wektu kang gumathok. Bapakne Dewi nyuwun kulawargane Joko kersaa nyantri sawetara wektu. Mungguh alasane, bapakne Dewi ora kepareng medharake. Tan kinira, kulawargane Joko pranyata uga sarujuk mring panemune bapakne Dewi. Mligi ibune Joko, kanthi pangandikan kang manteb nindhihi apa kang dadi panemune bapakne Dewi. Iki kabeh nuduhake menawa kulawargane Joko uga isih ngugemi lan memetri budaya kejawen.  
(A. Sardi. 2017. *Djaka Lodang*. No. 07, 15/7/2017. Halaman 2)

Pethikan kasebut nggambarake masyarakat Jawa isih ngugemi lan memetri petungan minangka kabudayaan. Petungan nggolek dina becik sajrone CSKKS kanggo nemtokake wektu kapan ijab nikahan. Golek dina becik dipercaya supaya uripe anake bisa ayem tentrem anggone mangun bale wisma, adoh saka bebaya utawa bab sing ora dipenginake dening sakloron lan kulawargane. Adoh saka bebaya ing kene tegese supaya ora crah, pisah utawa pegatan. Petungan uga dipercaya bisa nemtokake cocog orane calon mantene. Sejatine sing namtokake tentrem lan

## Kapitayan Tumrap Mistis Lan Mitos Sajrone Cerbung Kena Kalaning Sengkala Anggitane A. Sardi (Tintingan Antropologi Sastra)

orane anggone mangun bale wisma yaiku pacangane, nanging ora ana salahe yen petungan uga didadekake panutan. Tujuwane kanggo nggolek bab sing becik, ngedohake bab sing ala lan kanggo nglestarekake budaya sing wis turun tumurun.

Jaman biyen sadurunge ana owah-owahane jaman sing luwih ngrembaka, akeh wong Jawa ngugemi petungan-petungan weton (dina kelairan niturut penanggalan wong Jawa) kanggo namtokake dina becik lan kurang becik kanggo nindakake sawijine kajat tuladhane nikahan, adicara selamatan, miwiti usaha, pindhah omah, lansapanunggalane. Saliyane kuwi, petungan weton uga asring digunakake kanggo namtokake *kecocokan* calon pacangan sing arep nindakake nikahan. Biasane yen asil petungan weton rong pacangan ora ditemokake prospek sing becik, mula kanggo *meminimalisir kemungkinan* sing kurang becik bisa dumadi, bakal dilaksanakake ruwatan utawa milih dina nikahan khusus lan sing dipercaya bisa dadi tolak balak ing tembe mburine.

Kaya sing wis diandharake ing ndhuwur, yen petungan kuwi digunakake kanggo namtokake dina becik. Petungan kuwi ora mung kanggo petungan jejodhowan. Nanging bisa wae kanggo ngitung dina becik sing bisa digunakake lunga. Sajrone CSKKS iki, petungan ora mung digunakake kanggo nggolek dina becik nikahane Joko lan Dewi, nanging Pak Tejo percaya yen lelungan adoh kudu mertimbangake anggarane dina becik apa ora. Tujuane supaya ora nemahi cilaka ing dalan wiwit budhal nganti mulih tekan omah. Pak Tejo percaya petungan nalika arep lelungan bisa dideleng ing pethikan ngisor iki.

“Apa ora luwih becik sesuk esuk wae, mruput ta, Pak?”

“Ora!”

“Lha, ngapa?”

“Angsare dina sesuk iku ora becik yen dienggo lelungan, Bu!”

(A. Sardi. 2017. *Djaka Lodang*. No. 08, 22/7/2017. Halaman 51)

Pethikan ing ndhuwur nyritakake nalika Pak Tejo arep tindak menyang omahe Mbah Dipo ing Wonosegara sing adoh saka omahe Pak Tejo. Senajan wis wengi nanging tetep budhal. Sejatine garwane ora sarujuk amarga omahe adoh lan dalane nyalawadi, karepe ngajak sesuk isuk mruput. Dheweke ora sarujuk marang panemune garwane lan ngajak wengi kuwi tetep tindak menyang Wonosegara. Alasane dina kanggo lelungan sesuke angare ora becik kanggo lelungan adoh. Sisihane ora wani nyauri maneh, amarga yen wani mangsuli maneh bapake Dewi bisa duka.

Nalika arep lelungan adoh kanthi cara mertimbangake dina becik apa ora kuwi pancen wigati. Kanggo wong sing percaya marang petungan kanggo

lelungan adoh pancen kudu namtokake dina sing becik, ora sakpenake dhewe lelungan amarga saben dina nduweni anggara utawa tujuwan dhewe, tuladhane rejeki akeh, ana mala, lansapanunggalane. Lelungan anggara becik dipercaya bakal menehi kaslametan ing dalan wiwit budhal nganti bali tekan omah. Nanging sing luwih wigati maneh yaiku ati-ati ing dalan, nganggo pengaman sing *standart* kayata nganggo helm, matuhi *rambu lali lintas*, sepedha motor dicek *keamanane*, lan sapanunggalane. Mula, kanggo kaslametane kudu cecawis diri nganggo helm, rasukan sing rada kandel utawa jaket lan gulune diubel-ubel yen krasa adhem, tujuwane supaya ora katisen nalika ing dalan. Banjur yen arep lunga liwat dalan sing akeh bleduge kudu nganggo *masker*. Kuwi mono minangka sarana kaslametan nalika lelungan. Supaya nalika ing perjalanan bisa luwih nyaman, bisa adoh saka bleduk-bleduk lan nalika hawane adhem bisa krasa anget amarga wis nganggo jaket lan sarung tangan.

### 4.1.2 Pralambang

Salah sawijine mitos sing ngrembaka yaiku mitos ngenani kewan-kewan. Salah sawijine kewan sing nduweni mitos yaiku kucing. Kucing dipercaya minangka kewan sing sayang marang bendarane. Mula, dianggep salah sawijine kewan sing malati utawa sakral. Kewan sikil papat sing malati biasane rupane ireng lan kucing telon utawa kucing sing rupane ana telung warna. Saliyane rupane ireng lan telon, kabeh kewan iki dipercaya nduweni mitos. Mitos ing kene tegese yen ngapak-ngapakne bakale tinemu cilaka, kayata nabrak, mulasara lan sapanunggalane. Pawongan sing mulasara kewan sakral iki bakal nandang cilaka. Dene nabrak nganti mati lan ora dikubur, dipercaya bakal nandang cilaka.

Mitos nabrak kucing nganti mati ana sajrone CSKKS. Cerbung iki nyritakake ngenani kewan sing malati, yaiku kucing sing buntute ukel. Kadadeyan anane kucing buntute ukel iki kadadeyan nalika Pak Tejo lan Bu Tejo ing *perjalanan* tindak menyang daleme Mbah Dipo. Daleme sing rada adoh lan dalane nyalawadi ndadekake dheweke kudu waspada. Ing perjalanan sing peteng lan papan nyalawadi saknalika nabrak kucing lan langsung ngerim pit motore nganti mandhek. Nabrak kucing bisa dideleng ing pethikan ngisor iki.

Gabrus!

Ana kucing nyabrang dalan tanpa dimangerteni dening Pak Tejo. Kucing mau ketabrak dening sepedha motore Pak Tejo.

(A. Sardi. 2017. *Djaka Lodang*. No. 08, 22/7/2017. Halaman 51)

Pethikan ing ndhuwur nyritakake kucing sing ketabrak pit motore Pak Tejo. Untunge ora nganti dhawah. Saknalika langsung ngerim pit motore nganti mandheg ing papan kono. Tujuwane mandheg yaiku kanggo ndeleng

## Kapitayan Tumrap Mistis Lan Mitos Sajrone Cerbung Kena Kalaning Sengkala Anggitane A. Sardi (Tintingan Antropologi Sastra)

kahanan pit motore apa ana sing rusak lan mangerteni kepriye kahanane kucing sing ditabrak ngathang-athang ing tengah dalan. Sawise ngematake pit motore ora ana sing rusak babar pisan, banjur ndeleng kucing sing ngglethak ing tengah dalan. Ndeleng kahanane sing wis ora obah, dheweke nduweni panemune yen kucing kuwi wis mati amarga saking bantere anggone nabrak.

Senajan kewan, nanging Bapake Dewi iki nduweni rasa welas lan salah marang kewan sing ketabrak nganti mati kuwi yaiku kucing. Banjur Pak Tejo nduweni kekeparan kanggo nginggirake kewan mati kuwi. Rasa welase marang kucing kuwi bisa dideleng ing pethikan ngisor iki.

Saka welase Pak Tejo, kucing kang wus mati mau banjur diangkat. Karepe arep dibuwang ana ing pinggir dalan. Nanging mripate Pak Tejo kaya-kaya mbelalak kabukak, namatake buntute kucing kang wangun ukel.

(A. Sardi. 2017. *Djaka Lodang*. No. 08, 22/7/2017. Halaman 51)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake manungsa sing nduweni rasa welas marang kewan, yaiku kucing sing mati ditabrak. Kucinge diinggirake saka tengah dalan. Karepe Pak Tejo dibuwang ing pinggir dalan sakiwa tengene kono supaya bathange ora ngganggu wong sing liwat. Nalika wis diangkat dheweke kaget weruh kucing sing ketabrak buntute kucing wangun ukel. Goreh atine mangerti kahanan kewan sing ditabrak buntute wangun ukel.

Bapake Dewi kelingan yen kuwi mono bisa dadi pralambang tumrap kahanan sing bakale kadadean. Apa maneh sing ditabrak kuwi sing buntute mbentuk ukel sing dipercaya dudu jinine kucing sembarangan, nanging ngandhut sawijine pralambang. Kucing sing buntute ukel dudu kucing sembarangan bisa dideleng sajrone pethikan ing ngisor iki.

Dheweke kelingan menawa kucing buntute ukel iku dudu jinising kucing sembarangan. Miturut crita kang nate dirungu dening Pak Tejo, yen ana sopir nabrak kucing buntute ukel nganti mati, becike banjur dirumat utawa dikucur kaya lumrahe ngubur manungsa dene yen ora, sing nabrak bakal nemahi prastawa kang nyilakani.

(A. Sardi. 2017. *Djaka Lodang*. No. 08, 22/7/2017. Halaman 51)

Pethikan ing ndhuwur nyritakake Pak Tejo kelingan yen kucing buntute ukel kuwi dudu sembarangan. Tegese dudu kewan sing ora kopen nanging dianggep kramat utawa sakral lan dipercaya ngandhut pralambang. Apamaneh ditabrak nganti mati. Miturut masyarakat sajrone CSKKS, yen buntute mbentuk ukel minangka pralambang. Tuladhane yen kucing ditabrak nganti mati, dipercaya pralambang sing ala. Pak Tejo nate

krungu crita sopir sing nabrak kucing buntute ukel nganti mati, banjur luwih becik bathange dirumat lan dikubur lumrahe wong seda. Miturute wong ing daerah kono becike yen nabrak kucing sing buntute ukel nganti mati kuwi dirumat utawa dikubur. Yen bathange ora dirumat wong sing nabrak bakal nandang nandang cilaka.

Crita utawa mitos iki isih diugemi dening masyarakat Jawa nganti saiki. Yen nabrak kucing nganti mati luwih becik dirumat. Sakoran-orane dikubur nganggo klambi sing dinggo nalika nabrak, amarga ana sing percaya yen klambi sing dinggo nabrak kuwi uga bisa malati utawa sial. Tujuwan liyane yaiku kanggo tolak balak. Saliyane kanggo tolak balak, yaiku supaya ora ngganggu wong sing liwat ing dalan. Apa maneh bathang sing awujud kucing. Banjur kuwi lumrahe padha-padha *makhluk* ciptaane Gusti Allah kudu padha-padha nresnani masiya antarane manungsa karo kewan utawa manungsa karo tanduran utawa manungsa karo manungsa.

### 4.2 Kapitayan tumrap Mistis sajrone Crita Sambung Kena Kalaning Sengkala

CSKKS ngandhut unsur mistis sing dicitakake kanthi gamblang saengga bisa dimangerteni kanthi luwih cetha kepriye alur critane. Wujud mistis sajrone cerbung iki yaiku bangsa alus lan ilmu gaib. Bangsa aluse yaiku dhemit sing awujud wanodya lan kluron awujud roh saka bayi sing digugurake. Ilmu gaib sajrone CSKKS yaiku dhukun sing bisa ngobati wong lara lan dhukun petungan sing bisa ngetung utawa nggoleki dina becik kanggo nduweni kajat kayata nikahan, nyunatne, ngedegne omah, pindah omah, lan sapanunggalane. Supaya luwih cetha diandharake ing ngisor iki.

#### 4.2.1 Bangsa alus

Geertz (1981:21-32) ngandharake yen bangsa alus diperang dadi lima, yaiku: (1) memedi, (2) lembut, (3) tuyul, (4) dhemit, lan (5) dhanyang. Masyarakat Jawa percaya yen bangsa alus, memedi, lembut, tuyul, dhemit lan dhanyang, minangka *makhluk* sing manggoni donyane gaib. Masyarakat Jawa percaya yen bangsa alus, memedi, gendruwo, lembut, setan, jim, tuyul, dhemit, dhanyang, barisan bocah gundhul, macan putih, lan pitik sing nggedrugake ceker minangka *makhluk* sing manggoni donyane gaib. Bangsa alus dipercaya bisa mlebu ing ragane kewan lan manungsa. Bangsa alus bisa manjing ing ragane manungsa liwat sikil lan sirah (Danandjaja, 2005:159).

Sajrone CSKKS uga nyritakake ngenani bangsa alus. Kadadeyan-kadadeyan sing ora tinemu nalar yaiku ketemu bangsa alus sing dialami dening Dewi. Bangsa alus sajrone cerbung yaiku awujud bocah cilik, wong wadon tuwek lan bang salus sing manjing ing ragane manungsa. Bocah cilik iki dudu jinise bangsa alus sing



## Kapitayan Tumrap Mistis Lan Mitos Sajrone Cerbung Kena Kalaning Sengkala Anggitane A. Sardi (Titingan Antropologi Sastra)

awujud thuyul nanging kluron. Kluron yaiku arwahe bayi sing durung wayae dilairake ing alam donya, tegese yaiku digugurne. Bangsa alus awujud wong wadon medeni sajrone cerbung yaiku bangsa alus sing manggon ing tengah alas. Banjur bangsa alus sing manjing ing ragane manungsa yaiku bangsa alus sing mlebu ing ragane manungsa, biasane masyarakat ngarani kanthi aran *ketempelan* utawa kesurupan.

### 4.2.1.1 Bangsa Alus awujud Bocah Cilik

Dewi minangka paraga utama sing lagi seneng, amarga arep nikah karo Joko pepujan atine sing sasuwene iki dadi pacangane wiwit kuliah. Nalika arep nikah, jebule ana pepalang, yaiku dina laire sakloron sing gunggung pat belas. Pepalang sing diadhepi ndadekake Pak Tejo lan Bu Tejo mikir bab durung kadadeyan yaiku wedi yen anake bakal nandang kacilakan nalika mangun bale wisma. Mula, wong tuwa iki nduweni kekarapan nyuwun pamanggihe Mbah Dipo minangka dhukun sing dipercaya bisa menehi pepadhang lan Pak Ustad Mukmin sing bakal disuwuni ngenani kepriye apike ngenani bab-bab sing ana gandheng cenenge karo tata cara agama. Wong tuwane Dewi tindak menyang Wonosegara tanpa pamit anake. Joko mikir yen calon besane dipaeka dening wong serik marang dheweke amarga ora sarujuk wis nglamar Dewi. Dewi nggoleki bapa lan ibune ing sanjabane omah. Wiwit sakupangane omah nganti tekan papan panggonan sing ora dikenal. Bebasan njajah desa milangkori. Nganti manggon ing papan panggonan peteng lan nyalawadi. Saknalika sadhar yen dheweke ana ing papan panggonan ora dikenal lan peteng. Dheweke kepengin enggal oleh dalan padhang. Ing papan panggon kaya mangkono krungu diceluki bocah cilik bisa dibuktekake ing pethikan ngisor iki.

Dewi ngupaya ngriketake laku lan ngambakake jumangkahe sikile. Daya-daya kepengin enggal tekan ing salah sawijining papan kang padhang. Ing papan kang kahanane kaya mangkono iku, kaprunge dening Dewi ana bocah cilik lumrahe, bengok-bengok celuk-celuk

(A. Sardi. 2017. *Djaka Lodang*. No. 10 5/8/2018. Halaman 2)

Pethikan ing ndhuwur nyritakake nalika Dewi nggoleki wong tuwane sing lunga tanpa pamit. Pak Tejo lan Bu Tejo lunga tanpa pamit marang anak lan calon anak mantune amarga khuwatir yen ngganggu acarane anake sing lagi seneng gegojegan lan omong-omongan lan katone wigati banget. Wong tuwane uga paham yen bocah sakloron suwi ora cethuk saengga ndadekake sawijine pepanggihan kuwi dadi perantara kanggo ngandharake apa sing sasuwene dirasakake.

Nalika Dewi nggoleki bapa lan ibune, dheweke ora sadar yen mlakune wis adoha banget nganti tekan papan panggonan sing ora dikenal. Panggonane peteng lan ora

ana wong liwat babar pisan. Dheweke lagi wae sadar nalika wis ing tengah alas sing ora nate dikenal lan durung nate dijamah dening manungsa, katitik ora ana tilas sikil sing mlaku. Papan panggonan sing medeni lan ora ana manungsa babar pisan ing sakiwa tengene. Nalika mlaku, dheweke krungu ana swara bocah cilik bengok-bengok celuk-celuk sing nyeluki bocah wadon iki kanthi julukan ibu. Ing pikirane, ora lumrah yen ana bocah cilik kluwaran tengah wengi lan ing tengah alas. Bocah wadon iki nyengkakake laku sikile tanpa ngreken swara kuwi, nanging senjata wis mlaku adoh dheweke tetep nyeluki. Amarga penasaran, banjur ditoleh menyang mburi. Nalik noleh, kaya-kaya nyawang wewujudan bocah cilik ing mburine. Bisa dibuktekake sajrone pethikan ing ngisor iki.

Wiwitane Dewi ora ngrewes. Nanging bareng ngupaya noleh mamburi, mripate Dewi kaya-kaya nyawang wewujudan bocah cilik kang wiwit ana ing kahanan papan peteng lan nyalawadi iku, tansah kekinthil dheweke. Bola-bali bocah cilik mau nyelukake Dewi, kanthi swara kang sajak nggrantes lan melas ati.

“Ibu... aku, elu!”

(A. Sardi. 2017. *Djaka Lodang*. No. 10 5/8/2018. Halaman 2)

Pethikan ing ndhuwur nyritakake nalika Dewi nggoleki wong tuwane nganti tekan papan panggonan sing peteng, medeni lan nyalawadi. Nalika semono jam wis kliwat tengah wengi. Papan panggonan kuwi yaiku in tengah alas sing durung nate dijamah dening manungsa, katitik ana tilas jangkah sikil. Nalika mlaku, dheweke rumangsa krungu swara bocah cilik nyeluki dheweke. Wiwitane Dewi ora ngreken amarga mikir yen ing papan panggonan kaya mangkono kok ana bocah cilik. Dheweke mikir yen kuwi mono cetha dudu manungsa lumrah, yaiku bangsa alus. Nanging amarga penasaran, bocah wadon iki nekat noleh menyang mburi, banjur dheweke kaya-kaya nyawang wewujudan bocah cilik ing papan panggonan sing peteng. Senajan ing papan peteng, nanging bisa mangerteni kanthi cetha yen dheweke nyawang ana wewujudan bocah cilik ing mburine.

### 4.2.1.2 Bangsa Alus awujud Wanodya

Wewujudan bangsa alus sabanjure sajrone CSKKS iki yaiku wong wadon sing medeni banget lan panggonane ing papan panggonan sing adhem utawa lembap. Katitik yen ing alas-alas akeh bangsa alus sing manggon ing kono. Bangsa alus iki bisa diarani dhemit, amarga manggon ing papan panggonan tartamtu lan ora nglarani wong (kesurupan). Wewujudan wanodya sajrone iki diandharake kanthi luwih gamblang ing ngisor iki.

Bangsa alus wewujudan wanodya iki kawiwitan nalika Dewi arep ngadek lan ngupaya mlayu ninggalake papan panggonan sing kebak nyalawadi. Nanging nalika arep mlayu malah gagal. Nalika arep ngadek lan mlayu,

**Kapitayan Tumrap Mistis Lan Mitos Sajrone Cerbung Kena Kalaning Sengkala  
Anggitane A. Sardi (Titingan Antropologi Sastra)**

jaket sing dinggo kaya-kaya ana sing nggandholi. Jalaran ing kahanan sing peteng lan kentekan tenaga, dheweke ora kasil mlayu. Ewa semono keprungu swara aneh. Swara sing keprungu kaya wong wadon sing wis sepuh. Buktine ana ing ngisor iki

Nalika dheweke arep ngadeg lan ngupaya mlayu ninggalake papan iku, jaket penganggone kaya-kaya ana sing nggendholi kenceng banget. Dewi ngupaya nggagak reridhu iku. Nanging amarga ana ing kahanan peteng lan tenagane wis meh entek, Dewi ora kasil mlayu.

“Arep menyang ngendi kowe?”

Kupinge Dewi ngrungu swara aneh. Swara kaya lumrahe salah sawijining wanodya kang wis yuswa.

(A. Sardi. 2017. *Djaka Lodang*. No. 10 5/8/2018. Halaman 49)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake nalika Dewi arep ngadeg lan mlayu nanging jaket sing dinggo kaya-kaya ana sing nggandholi. Nanging amarga ing kahanan peteng lan tenagane wis entek, anggone mlayu ora kasil. Malah dheweke keprungu swara wong wadon nakoni dheweke. Swara kuwi nakoni kanthi pitakonan arep menyang endi amarga nalika kuwi dheweke arep mlayu kanthi tujuan ninggalake papan panggonan nyalawadi lan nggolek dalan supaya bisa metu saka alas. Bocah wadon iki kepengin ndang ketemu wong lan ketemu bapak lan ibune banjur bakal crita ana kadadean sing kaya mangkono nalika nggoleki bapak lan ibune. Kadadeyan Dewi bisa nganti tekan tengah alas gung liwang liwang amarga wong tuwane sing lunga adoh nanging tanpa pamit marang anake. Kuwi mono njalari wong sing ana ing omah nggoleki amarga kulawargane ora ana. Lunga tanpa pamit njalari wong sing ana ing omah mikir sing ora-ora, khawatir yen ana penjahat banjur dirudapeksa kanthi cara sing sadis banjur diguwak ing tengah alas. Mula, yen arep lelungan adoh kudu pamit marang kulawarga masiya mung wong siji.

Keprungu swara wanodya sing medeni kaya mangkono ndadekake Dewi keweden. Dheweke rumangsa yen sing nakoni kuwi swarane kaya swarane wong sing sepuh. Penasaran amarga ing papan panggonan kaya mangkono lan ing tengah wengi ana wong sing sepuh lan kenal dheweke sapa sing sejatine nakoni dheweke lan swarane kaya wanodya sing wis sepuh. Banjur noleh menyang mburi. Bukti liyane ana ing ngisor iki.

Bareng Dewi ngupaya noleh mamburi, dheweke ngerti salah sawijining wewujudan aneh. Dewi ngerti blegere manungsa kang sarwa ireng. Nitik saka rikmane kang ngore-ore, genah iku jejering wanodya. Mung wae, mripate kang ngemu cahya nggilani, nggawe mrinding lan mengkirike Dewi.

(A. Sardi. 2017. *Djaka Lodang*. No. 10 5/8/2018. Halaman 49)

Pethikan iki nggambarake nalika Dewi nyoba noleh menyang mburi arah anane swara lan sing nggandholi jakete dheweke. Nalika wis noleh menyang mburi jebul nyawang wewujudane wong wadon sing wujude aneh. Senajan ing papan panggonan sing peteng lan nyalawadi nanging cetha yen sing dideleng kuwi wewujudan wanodya wewujudane sarwa ireng. Saliyane kuwi bisa dimangerteni kanthi cetha yen kuwi dudu wong wadon lumrahe manungsa. Senajan wong wis sepuh nanging blegere lan pacakane ora mungkin kaya mangkono. Wewujudane wanodya iki medeni. Kahanane wanodya yuswa kuwi rambut diore lan ruwet, mripate ngemu cahya nggilani yaiku abang. Sanalika dheweke mrinding lan mengkirik nalika weruh wewujudan sing cetha yen kuwi dudu lumrahe jinise manungsa.

#### **4.2.1.3 Bangsa alus sing Manjing ing Ragane Manungsa**

Salah sawijine tuladha roh utawa bangsa alus sing bisa mlebu ing ragane manungsa sajrone CSKKS yaiku dialami dening Dewi sing kesurupan bangsa alus wewujudan bocah cilik. Kawiwitan nalika ditekek nganti ora bisa ambegan lan semapat dening wewujudan wanodya, dheweke semapat ana ing tengah dalan. Nalika semapat ing tengah dalan kuwi, dheweke dileboni dening wewujudan bocah cilik sing nyeluk dheweke kanthi julukan ibu. Ewa semono ora sadhar. Banjur nalika Pak Tejo lan Bu Tejo liwat ing dalan panggone semapat, wong sakloron mangerteni ana blegere manungsa sing ngathang-athang ana ing tengah ratan ora obah babar pisan. Wiwitane mung liwat amarga khuwatir yen wong sing ngathang-athang kuwi nduweni niat ala. Nanging ibune rumangsa welas, banjur ngajak bojone nulung wong sing ngathang-athang ana ing tengah dalan kanthi cara nyeluk warga sekitar dalan kono. Banjur nyeluk warga kanggo nulungi wanodya sing ngglethak ana ing tengah dalan kuwi. Bebarengan karo warga kono menyang dalan anane wong wadon ngglethak banjur aweh pitulungan. Sawise ditulung wong sakloron kaget banget. Jebule wanodya kuwi ora liya Dewi, anake dhewe.

Nalika Dewi keblon bangsa alus, Bu Tejo, juru rawat lan wong-wong sing ngrubung padha bingung lan penasaran sapa sejatine sing manjing ana ing ragane. Untunge nalika kahanane kaya mangkono, ing tengah-tengah wong sing ngrubung ana piyayi kakung sing sepuh katitik saka rikmane sing wis putih. Jebule piyayi sepuh kuwi ora liya Mbah Dipo. Dhukun kuwi mlaku nyedhaki bocah wadon kesurupan banjur ditakoni. Nalika ditakoni sapa sejatine sing manjing ana ing badane, dheweke mangsuli yen durung nduwe jeneng. Cecaturan antarane Dewi lan Mbah Dipo bisa dideleng sajrone pethikane ana ing ngisor iki.

“Sapa kowe?”

**Kapitayan Tumrap Mistis Lan Mitos Sajrone Cerbung Kena Kalaning Sengkala  
Anggitane A. Sardi (Tintingan Antropologi Sastra)**

Sawetara wektu sing ditakoni ora wangsulan apa-apa. Malah sajake ana rasa keweden.

“Sapa kowe, yen ora ngaku bakal dakpulasara. Ayo, ngakual!” ujare piyayi sepuh iku rada sora. “Aku durung nduwe jeneng. Sapa kowe?”

kandhane Dewi.

“Aku Dipo. Kowe aja ngapusi, ya! Yen kowe bener durung duwe jeneng. Ya, wis dakjenengi Bajang!”

“Matur nuwun, Mbah Dipo!” wangsulane Bajang. (A. Sardi. 2017. *Djaka Lodang*. No. 14, 2/9/2017. Halaman 2)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake cecaturan antarane Dewi lan Mbah Dipo. Piyayi kakung sing nalika kuwi ana ing gerombolan wong-wong sing ndelok anake tumindak aneh. Banjur mlaku nyedhaki bocah kesurupan kuwi karo lambene unik-unik. Nalika divedhaki, bocah ayu iki bisa anteng. Ora kaya sadurunge sing tumindak aneh. Minangka wong pinter utawa dhukun nyoba nulung saka bangsa alus sing manjing ana ing ragane. Wiwitane ditakoni jenenge, nanging dheweke ora mangsuli. Banjur ditakoni maneh sapa sejatine sing manjing ana ing ragane lan mbah dhukun kuwi ngancam yen ora mangsuli bakal dipulasara.

Jabang bayi sing digugume lan ora nduwe salah kuwi durung nduwe jeneng. Mula, manungsa sing keblon bangsa alus yen ditakoni sapa sing manjing ing ragane mesthi mangsuli yen dheweke durung nduweni jeneng. Banjur badan alus sing manjing ing ragane anake Pak Tejo kuwi mangsuli yen dheweke durung nduwe jeneng. Banjur dening piyayi rambut putih kuwi langsung diwenehi jeneng yaiku Bajang. Bajang ngaturaken panuwun marang mbah dhukun amarga wis menehi jeneng. Nalika wis diwenehi jeneng, diutus ngalih saka ragane manungsa, nanging ora gelem. Bisa dibuktekake sajrone pethikan ing ngisor iki.

“Yoh. Wis saiki kowe balia menyang omahmu, mesakna Dewi, Ya!”

“Emoh, wong aku durung duwe omah, kok! Wangsulane Bajang. “Wong aku melu ibuku, kok!”

“Sapa jenenge ibumu?”

“Dewi!”

“Saiki ibumu neng ngendi?”

“Ya, aku ora ngerti!”

(A. Sardi. 2017. *Djaka Lodang*. No. 14, 2/9/2017. Halaman 2)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake cecaturan antarane Bajang sing manjing ana ing ragane Dewi lan Mbah Dipo. Sawise diwenehi jeneng, mbah dhukun ngakon badan alus kuwi metu saka ragane anake Pak Tejo amarga yen kesuwen dileboni dening bangsa alus kuwatir yen bakal mbebayani. Ora kaya sing dikarepake, bangsa alus iki ora gelem metu. Bajang ngomong yen dheweke durung nduwe omah. Piyayi kakung iki kaget. Banjur

nakoni kepriye lara-larae durung nduwe omah nanging bisa tekan ragane manungs sing liwat ing alas kuwi. Banjur mangsuli yen dheweke kuwi melu ibune. Wong sing ngrubung ing kono padha kaget lan bingung apa maksude ngomong yen melu ibune. Nalika penasaran, ditakoni maneh sapa sejatine ibune. Tanpa ana ing pikirane piyayi sepuh kuwi, jebule bocah cilik iki mangsuli maneh yen dheweke melu ibune yaiku jenenge Dewi. Ora kentekan akal, banjur ditakoni sejatine ibune ana ing ngendi. Bajang mangsuli yen dheweke ora ngerti ibune ana ing ngendi. Sabubare ngrungokake katranganane badan alus kuwi, banjur bisa nggawe dudutan sapa sehatine sing manjing ana ing ragane bocah kesurupan iki. Nalika diutus metu saka ragane, ora gelem. Bocah cilik gelem metu saka ragane ibune kanthi sarat yaiku nyuwun disangoni bantal, guling lan kemul. Sawise disarujuki banjur gelem metu saka badane bocah wadon iki. Cecaturan antarane Mbah Dipo lan Bajang ana ing pethikan ngisor iki.

“Wis, pokoke saiki kowe gek ndang lunga saka kene. Yen ora gelem lunga, sepisan maneh bakal dakpulasara kowe. Bali ya! Pambujuke Mbah Dipo.

Sawetara sing diprentah ora wangsulan apa-apa.

“Sepisan maneh, kowe gelem bali apa ora?”

“Aku gelem bali yen disangoni!”

“Njaluk sangu apa? Janji aku bisa nuruti, mengko daksangoni! Wis dang ngomonga!”

“Aku njaluk kemul, bantal lan guling!”

“Ya, wis mengko takterke. Wis saiki balia ya. Bajang!” pamintane Mbah Dipo maneh.

(A. Sardi. 2017. *Djaka Lodang*. No. 14, 2/9/2017. Halaman 51)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake cecaturan antarane Bajang lan Mbah Dipo. Pethikan ing ndhuwur nyritakake cecaturan nalika Mbah Dipo ngutus si Bajang supaya metu saka ragane Dewi, nanging ora gelem. Bangsa alus iki gelem metu saka ragane Dewi nanging dheweke nyuwun diwenehi sangu, yaiku kemul, bantal lan guling. Sawise ngomongne apa sing dadi sangune lan disagahi banjur gelem metu. Sawise metu saka badane, anake Pak Tejo langsung sadhar lan bisa mbukak mripate. Banjur didongani dening mbah dhukun sepuh iki. Sawise didongani, swarane bocah wadon kesurupan kuwi wis bali lan asli. Nalika melek, dheweke bingung amarga ana ing rumah sakit lan dirubung dening wong akeh. Rumangsa yen dheweke ora lara, banjur nyuwun tulung marang juru rawat kanggo nyepot *infus* sing nempok ing tangane. Sawise selang *infus* kasil dicepoti, jebule Dewi katon bagas waras malah dheweke bisa mudhun saka peturon senjata isih katon nggreweli. Banjur nyuwun bali mulih menyang omah marang ibune amarga dheweke kelingan yen Joko isih ana ing omah dhewekan. Ing pikirane, Joko mesthi bingung nggoleki dheweke. Mangerteni kahanane

## Kapitayan Tumrap Mistis Lan Mitos Sajrone Cerbung Kena Kalaning Sengkala Anggitane A. Sardi (Tintingan Antropologi Sastra)

wis bagas waras lan bisa mlaku, Pak Tejo nggumun. Kamangka sadurunge mung merem wae. Sing dinggumuni dening bapake yaiki rawuhe Mbah Dipo. Piyayi sepuh kuwi daleme adoh ing Wonosegara lan papan dununge adoh saka rumah sakit kok bisa ana ing kene. Sawise kabeh rampung, mbah dhukun sepuh menehi pawarta yen sejatine anake ora lara lumrahe wong lara nanging katutan bangsa alus utawa kesurupan.

### 4.2.2 Ilmu Gaib

Ilmu gaib yaiku cara sing digunakake manungsa kanggo menehi daya pangaribawa tumrap alam sakiwa tengene. Tujuan supaya alam sakiwa tengene bisa manut karo apa sing dikarepake. Tata cara ilmu gaib sing maneka warna iki ana gandheng cenenge karo alam sing ora bisa dipikir nganggo akale manungsa. Dhasare dudu konsep-konsep apa dene teori-teori lan pamawas sing diabstrakake saka pengalaman lan panliten sing nyata. Sing dadi punjere ilmu gaib, yaiku: (1) kapitayan marang kakuwatan sing sekti, (2) sesambungan sebab lan akibat adhedhasar *asosiasi* (Koentjaraningrat, 1981:414).

Koentjaraningrat (1981:414-420) ngandharake yen miturut sipate ilmi gaib diperang dadi loro, yaiku ilmu gaib putih lan ilmu gaib ireng. Ilmu gaib putih yaiku ilmu gaib sing sipate nguntungake lan bisa kanggo nggayuh kabagyan. Dene ilmu ireng yaiku ilmu sing digunakake kanthi tujuan kanggo nekakake penyakit lan kasangsaran marang manungsa.

Ilmu gaib sajrone CSKKS iki yaiku ilmu gaib prodhuktif lan ilmu gaib ngramal. Ilmu gaib prodhuktif yaiku praktek ilmu gaib sing dilakoni kanggo nggolek bathi akeh. Ilmu gaib iki asring ditindakake sajrone upacara *religiomagis* sing sipate komunitas kayata upacara tetanen supaya asile panen luwih apik, upacara kanggo nekakake udan, praktek ilmu gaib sing dilaksanakake kanggo nyiptakake alat utawa barang kesenian, lan sapanunggalane. Ilmu gaib prodhuktif iki nduweni sipat utawa kalebu ilmu putih. Ilmu gaib ngramal yaiku ilmu sing digunakake kanggo ngramal apa wae sing bakal dumadi. Tuladha saka ilmu gaib ngramal iki yaiku ngetung dina sing becik kanggo mantu, madeg omah, lelungan adoh lan sapanunggalane. Pawongan sing nduweni ilmu gaib biasane diarani dhukun. Dhukun sing dimaksud iki dhukun sing nduweni ilmu putih. Dhukun sajrone CSKKS diandharake kanthi luwih gambang ing ngisor iki.

Sajrone CSKKS ana saperangan bab sing ngrembug ngenani dhukun. Dhukun sajrone CSKKS iki dudu sing nduweni ilmu hitam, nanging ilmu putih yaiku ilmu gaib produktif lan ilmu gaib ngramal. Ilmu putih kuwi ilmu sing nduweni sipat nguntungake lan kanggo nggayuh kabagyan. Cerbung iki nyritakake dhukun sing jenenge Mbah Dipo minangka dhukun sing wis kondhang

bisa marekne penyakit, nggolek dina becik, lansapanunggalane. Kaya sing ditindakake dening Joko lan Dewi sing nyuwun tulung kanggo nggugurne jabang bayi sing dikandhut. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“Sapa, Mas?”

“Dhukun...”

“Dhukun bayi?” pitakone Dewi maneh.

“Dudu. Dhukun sing manehi japa mantra lan tamba supaya Dewi bayi kang ana ing jeron wetenge Dhik Dewi ilang muspra...”

(A. Sardi. 2017. *Djaka Lodang*. No. 06, 8/7/2017. Halaman 49)

Pethikan ing ndhuwur nyritakake Joko lan Dewi nalika mangerteni yen pacangane kasep anggone nggarap sari utawa *menstruasi*. Sawise dipreksakake ing bidhan, jebule *positif* ngandhut. Nanging anggone ngandhut durung nduweni status resmi nikah, tegese ngandhut sadurunge nikah. Supaya ora ndadakake wirang dheweke lan kulawargane, bocah sakloron nduweni karep kanggo nggugurne kandhutane.

Joko nduweni karep yen nyuwun tulung marang dhukun sing kondhang ing Wonosegara. Wengi kuwi pepacangan kuwi mutusne yen langsung menyang omahe dhukun kuwi. Nalika wis tekan omahe, dheweke langsung matur apa sing dadi kekarapane nganti adoh-adoh tekan omahe kono. Sawise matur, ora langsung nyaguhi. Bocah sakloron dituturi yen nggugurne kandhutane kuwi abot ing mburine. Kuwi mono amarga wis mateni nyawa sing ora liya *darah daginge* dhewe. Dene piyayi sepuh sing diparani uga rumangsa kabotan amarga lumantar dheweke, jabang bayi sing ora ngerti apa-apa lan isih suci kuwi mati sadurunge lair ing titi wancine. Bisa dibuktekake sajrone pethikan ing ngisor iki.

“Nak Mas, kula sagah mbiyantu Sampeyan. Nanging menika awrat menggahing kula. Jer jabang bayi menika dereng kagungan dosa. Kula ajrih menawi samangke wonten napa-napanipun, Nak Mas!” ngendikane Mbah Dipo.

“Mbah, nyuwun pangapunten saderengipun. Miturute pemanggih kula kekalih, menika keputusan ingkang langkung sae. Kula kekalih ugi pitados menawi Panjenengan saged ngusadani reribeting manah kula kekalih, Mbah, saestu keparenga kula nyuwun tulung...” ature Joko memelas.

(A. Sardi. 2017. *Djaka Lodang*. No. 06, 8/7/2017. Halaman 51)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Mbah Dipo isih nuturi Joko lan Dewi amarga jabang bayi sing dikandhut kuwi ora nduweni salah apa-apa lan isih suci utawa durung nduweni dosa. Piyayi sepuh uga nuturi yen ana bab sing diwedeni yen nganti ngrudapeksa kandhutane, yaiku wedi yen ing tembe mburine bakal ana kedadean sing ala lan sing ora dikarepake. Dene mbah

## Kapitayan Tumrap Mistis Lan Mitos Sajrone Cerbung Kena Kalaning Sengkala Anggitane A. Sardi (Titingan Antropologi Sastra)

dhukun kuwi uga rumangsa kabotan amarga lumantar dheweke, jabang bayi sing durung titi wancine lair wis digugurme dhisik. Sawise ngendikan kaya mangkono, bocah sakloron diutus mikir kanthi tenanan dhisik. Tujuwane supaya ora getun lan ora ana kadadeyan sengkala ing tembe mburi. Nanging beda karo prentahe dhukun Wonosegara iki, Joko langsung mangsuli yen dheweke percaya sing bisa ngusadani perkara sing lagi diadhepi, lan nggugurme kandhutane kuwi keputusan sing paling becik. Nalika krungu wangsulane kaya mangkono, atine rumangsa luluh lan welas.

Sajrone CSKKS Mbah Dipo uga dhukun sing mangerteni bab petungan. Nalika Pak Tejo bingung anggone nemtokake dina becik kanggo anake sing arep nikahan amarga antarane Joko lan Dewi dina laire yen diitung gunggung pat belas. Weton sing dianggep abot lan dipercaya bakal nandang kacilakan utawa bakal crah lan pepisahan anggone mangun bale wisma. Ing kahanan sing kaya mangkono, nduweni kecarepan tindak menyang omah dhukun saperlu nakokake dina sing becik kanggo nikahane anake. Bab iki ana ing pethikan ngisor iki.

“Becike awake dhewe saiki sowan daleme Mbah Dipo, Bu!”

“Mbah Dipo sing daleme Wonosegoro?”

Pak Tejo manthuk.

“Kersane Sampeyan?” pitakone Bu Tejo maneh.

“Aku yakin saka pituduhe Mbah Dipo, bisa nemtokake mungguh kapan dina sing becik kanggo ningkahane Dewi lan Joko!” wangsulane Pak Tejo. (A. Sardi. 2017. *Djaka Lodang*. No. 08, 22/7/2017. Halaman 2)

Pethikan kasebut nyritakake cecaturan antarane Pak Tejo lan Bu Tejo sing lagi bingung. Ing kahanan sing nggarai mumet kuwi, dheweke nduweni pamanggih yen dhukun bisa menehi pepadhang. Dheweke percaya bakal bisa nemtokake kapan dina becik kanggo nikahane anake lan nduweni keyakinan yen lelakon sing lagi diadhepi kuwi ora diusadani kanthi cara nyuwun pituduhe dhukun. Percaya uripe anake ing tembe mburine bakal ora sayuk rukun lan rahayu. Dene ora nyuwun pituduhe dhukun, ana sing diwedeni yaiku anake bakal nandang cilaka nalika mangun bale wisma.

Sajrone CSKKS nyritakake nalika Dewi keblon bangsa alus sing wewujudane kluron utawa roh saka jabang bayi sing digugurme utawa durung titi wancine lair. Sing nulungi utawa nambani Dewi saka bangsa alus kuwi yaiku Mbah Dipo sing nalika semana ana ing rumah sakit panggone *opname*. Bisa dibuktakake sajrone pethikan ing ngisor iki.

Untung ing tengah-tengahe wong sing padha ngrubung Dewi, kang duwe tumindak aneh, ana salah sawijining piyayi kakung kang yuswane wis rada sepuh. Katitik rikmane wis sarwa putih. Satleraman wong iki ngangseg maju nyedhaki

ragane Dewi. Pasuryane manther namatake praupane Dewi. Ya, wiwit wektu iku, Dewi lagi bisa meneng lan anteng.

(A. Sardi. 2017. *Djaka Lodang*. No. 14, 2/9/2017. Halaman 2)

Pethikan iki nggambarake nalika Dewi keblon bangsa alus. Ing rumah sakit dheweke bengok bengok ora karu-karuan. Ing kahanan kaya mangkono, ibune nyuwun tulung marang juru rawat. Banjur wong sing ana ing kono padha ndelok kahanane lan karepe awèh pitulungan. Ing tengah-tengah wong sing ngrubung dheweke, ana pawongan sing wis rada sepuh lan rambute putih yaiku Mbah Dipo. Wong sekti kuwi maju kanthi tujuwan awèh pitulungan.

Wong sing tumindak utawa katon aneh, durung mesthi yen wong kuwi sing ora ngenah kayata wong kurang waras. Mula, minangka masyarakat kudu bisa ngormati sapa wae. Ora oleh dideleng saka njabane wae. Kadhang kala wong sing pinter utawa nduweni ilmu rasukane sing dinggo luwih sederhana lan ora aneh-aneh. Gathuk karo paribasan *seperti padi, kian berisi kian merunduk*, tegese tansaya dhuwur ilmune tansaya rendah atine.

### 4.3 Panemune Masyarakat tumrap Kapitayan Mistis lan mitos

Anane kapitayan tumrap mistis lan mitos iki wis ana wiwit jamane leluhur. Nanging nganti saiki masyarakat Jawa *modern* isih ana sing percaya tumrap kapitayan mistis lan mitos. Kanggo ndhudhah kepriye panemune masyarakat ngenani kapitayan tumrap mistis lan mitos, mula panliti njupuk artikel lan jurnal saka internet. Nggunakake artikel lan jurnal saka internet kanggo ndhudhah panemune masyarakat, ora tanpa alasan. Nanging, artikel lan jurnal dipercaya minangka panemu sing wis mateng, tegese ana sumber lan dipercaya wis nate nindakake panliten, saengga sing ana ing artikel lan jurnal awujud asil panlitene.

#### 4.3.1 Panemune Masyarakat tumrap Kapitayan Mitos

Kapitayan tumrap mitos sing wiwitan yaiku gugon tuhon. Gugon tuhon awujud petungan dina becik kanggo nikahan. Artikel kaping pisan yaiku kanggo ndhudhah panemu ngenani gegun tuhon yaiku petungan. Artikel iki kanthi irah-irahan *Pola Keyakinan Masyarakat Terhadap Perhitungan Jawa Dalam Kegiatan Perkawinan Di Desa Samir Kecamatan Ngunut Kabupaten Tulungagung* dening Nila Robiatun Nur. Artikel kuwi diteliti wulan September 2010. Obyek panlitene masyarakat Desa Samir, yaiku masyarakat desa sing kenthel karo tradisi-tradisi Jawa. Panliten iki ditindakake ing Desa Samir Kecamatan Ngunut Kabupaten Tulungagung. Masyarakat Desa Samir Kecamatan Ngunut Kabupaten Tulungagung

## Kapitayan Tumrap Mistis Lan Mitos Sajrone Cerbung Kena Kalaning Sengkala Anggitane A. Sardi (Tinting Antropologi Sastra)

isih akeh sing nggunakake petungan Jawa ing kegiatan-kegiatan khusus ing kegiatan nikahan. Bisa dibuktekake sajrone pethikan ing ngisor iki.

*Digunakannya perhitungan Jawa dalam kegiatan perkawinan bertujuan agar pelaksanaan kegiatan perkawinan tidak ada halangan suatu apapun, semuanya selamat dan untuk kehidupan pengantin ke depannya. Perhitungan Jawa yang salah dalam kegiatan perkawinan bisa menimbulkan musibah baik pada saat itu juga atau di masa yang akan datang.*

(Nur, Nila. 2010. *Pola Keyakinan Masyarakat Terhadap Perhitungan Jawa Dalam Kegiatan Perkawinan Di Desa Samir Kecamatan Ngunut Kabupaten Tulungagung*)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen salah sawijine petungan Jawa yaiku digunakake nalika nduweni kajat nikahan. Petungan ditindakake nalika ing adicara lamaran, yaiku diitung dening mbah dhongke lan disekseni dening rong kulawarga supaya adicarane lumaku kanthi lancar kaya sing dikarepake. Petungan digunakake kanthi tujuan supaya ora ana pepalang nalika nindakake adicara nikahan wiwit ijab qabul nganti temu manten lan dikarepake ora nandang pepalang nalika kajatan. Banjur supaya uripe pinangantin tansah ayem tentrem. Saliyane kuwi kanggo mangerteni becik orane anggone mangun bale wisma, tegese saka petungan bisa mangerteni kepriye kahanan bale wismane. Petungan sing kliru dipercaya bisa nuwuhake musibah. Mula, senajan petungan kondhang yen ribet lan njlimet nanging tetep dilaksanakake kanggo ngenggati bab sing ora dikarepake. Banjur petungan uga penting kanggo nggolek dina kanggo nindakake ijab qabul. Pethikan sabanjure ana ing ngisor iki.

*Penggunaan perhitungan Jawa dalam kegiatan perkawinan yang terpenting adalah untuk menentukan hari baik pelaksanaan ijab qabul sedangkan untuk acara temu manten atau perayaan mengikuti saat ijabnya. Oleh karena itu mengetahui neptu/weton kedua calon pengantin sangatlah penting untuk mencari hari baik dalam pelaksanaan perkawinannya. juga untuk mengetahui apakah jumlah neptu keduanya tepat atau tidak, juga harus memperhatikan asal usul dari calon pengantinnya. Weton dimaksudkan sebagai ramalan nasib masa depan kedua mempelai apabila jatuh kepada kebaikan, itulah doa yang diharapkan oleh kedua orang tua. Namun apabila jatuh kepada hal yang kurang beruntung, diharapkan kedua mempelai berdoa dan bertawakan kepada Tuhan YME agar selamat dunia akhirat.*

(Nur, Nila. 2010. *Pola Keyakinan Masyarakat Terhadap Perhitungan Jawa Dalam Kegiatan Perkawinan Di Desa Samir Kecamatan Ngunut Kabupaten Tulungagung*)

Pethikan iki ngandharake yen panganggone petungan Jawa kanggo nikahan kuwi wigati banget, yaiku kanggo namtokake dina sing becik kang nindakake ijab qabul. Dene resepsi utawa temu mantene bisa melu dina ijab qabule. Temu manten biasane ditindakake sawise ijab qabul. Kanggo nggoleki dina becik kuwi kudu mangerteni dhisik neptu utawa weton calon manten lanang lan calon manten wadon. Banjur diitung miturut kitab sing dipercaya. Kuwi mono tujuwane kanggo nggolek dina becik anggone nindakake ijab qabul lan temu mantene. Saliyane kuwi uga kanggo mangerteni cocog lan orane bocah sakloron.

Banjur pethikan ing ndhuwur uga ngandharake yen petungan iki bisa dadi ramalan nasib. Ramalan kuwi bisa awujud ramalan sing becik lan ramalan sing kurang becik, nanging yen kurang becik, calon manten lanang lan calon manten wadon bisa nyuwun lan ndonga marang Gusti Allah supaya bisa slamet ing donya lan akherat. Pethikan sabanjure uga ngandharake kepriye petungan sing asring digunakake ing Desa Semir. Pethikane ana ing ngisor iki.

*Pada masyarakat desa Samir tidak terlalu menggunakan perhitungan perjodohan yang nmit. Berikut adalah perhitungan perjodohan yang berlaku di masyarakat desa Samir: Perhitungan perjodohan yang bagus apabila antara neptu laki-laki dan perempuan setelah dijumlah menghasilkan angka 27. Perjodohan yang tidak baik apabila neptu laki-laki dan perempuan apabila dijumlah menghasilkan 24 atau 14, apalagi kalau neptu antara pria dan wanodya sama-sama 12 ini malah tidak baik. Apabila jumlah neptu antara kedua calon pengantin berjumlah 24 atau 14 jarang orang yang berani melanjutkan. Hal ini diberi istilah ngungkurne. Yang tidak baik juga itu antara pasaran Wage dan Pahing disebut Geyeng karena bisa kalah salah satu pihak. Perhitungan ini bisa jadi berbeda anatara daerah satu dengan daerah lainnya. Di masyarakat desa Samir mencari hari baik dalam melaksanakan kegiatan perkawinan merupakan suatu hal yang tak bisa dielakkan lagi. Untuk menentukan hari baik dalam pelaksanaan kegiatan perkawinan di masyarakat desa Samir menggunakan sistem ponco sudo.*

(Nur, Nila. 2010. *Pola Keyakinan Masyarakat Terhadap Perhitungan Jawa Dalam Kegiatan Perkawinan Di Desa Samir Kecamatan Ngunut Kabupaten Tulungagung*)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen petungan sing digunakake ora sing njlimet. Banjur uga diandharake petungan sing dimaksud, tuladhane yen neptu calon manten lanang lan calon manten wadon nalika dijumlah temu 27. Dene sing ora becik yen neptune calon manten lanang lan calon manten wadon asile 24 utawa 14, apa maneh yen neptu antara calon manten lanang lan calon manten wadong padha-padha 12, iki dipercaya luwih ora

## Kapitayan Tumrap Mistis Lan Mitos Sajrone Cerbung Kena Kalaning Sengkala Anggitane A. Sardi (Titingan Antropologi Sastra)

becik. Jumlah 24 utawa 14 iki diarani ngungkurne. Nalika ana kadadeyan temu 24 utawa 14 iki akeh sing ora wani nerusake anggane nikahan. Saliyane kuwi ana pasaran Wage lan Paing sing diarani geyeng. Geyeng dipercaya ora becik amarga salah siji saka calon manten lanang utawa calon manten wadon ana sing kalah salah siji. Ing Desa Semir, petungan salah sawijine kegiatan sing ora bisa ditinggal. Sistem sing digunakake nalika nindakake kegiatan nikahan yaiku kanthi nggunakake sistem ponco suda.

### 4.3.2 Panemune Masyarakat tumrap Kapitayan

#### Mistis

Kapitayan tumrap mistis sing wiwitan yaiku bangsa alus lan ilmu gaib. Ing ngisor iki artikel ngenani kapitayan tumrap mistis, yaiku anane bangsa alus. Artikel kanthi irah-irahan *Kepercayaan Masyarakat Jawa Dalam Film Kuntilanak* dening Tassa Ary Maheswarina. Obyek panlitene film kuntilanak. Panliten iki ngendharake ngenani wujud kapitayan masyarakat Jawa tumrap bangsa alus kuntilanak lan papan panggonane. Wujud kapitayan masyarakat Jawa tumrap bangsa alus sajrone *film kuntilanak* dibuktekake sajrone pethikan ing ngisor iki.

*Sosok Makhluk Halus. Sosok kuntilanak yang hadir dalam kepercayaan masyarakat ada berbagai versi. Berdasarkan hasil temuan menunjukkan bahwa sosok kuntilanak yang dihadirkan dalam film Kuntilanak, wujudnya setengah manusia dan setengah kuda. Jenis kelamin kuntilanak, yaitu wanodya tua dengan rambut panjang terurai berwarna putih. Sosok kuntilanak yang dihadirkan dalam film Kuntilanak berbeda dengan mitos kuntilanak yang berkembang di masyarakat. Masyarakat sering menggambarkan kuntilanak sebagai sosok hantu perempuan berambut panjang, berbaju putih panjang, dan raut muka putih pucat dengan mata merah. Suara tertawa kuntilanak mengikik panjang membelah kesunyian malam. Sosok kuntilanak dalam film Kuntilanak berbeda dengan sosok kuntilanak yang beredar di masyarakat. Hal tersebut menambah suasana seram dan menakutkan dalam film ini.* (Maheswarina, Tassa. 2006. *Kepercayaan Masyarakat Jawa Dalam Film Kuntilanak*)

Pethikan iki nuduhake yen kuntilanak ing masyarakat nduweni gambaran sing beda-beda. Masyarakat nggambarake yen kuntilanak bangsa alus sing awujud wanodya rambute dawa, klambi putih dawa, wajahe pucet, lan matane abang. Saliyane kuwi kuntilanak asring digambarake yen ngguyune nyekikik nalika dalu. Yen ing *film* kuntilanak digambarake kanthi wewujudan setengah manungsa lan setengah jaran. Wewujudan kuntilanake wanodya tuwa lan rambute dawa rupane putih.

Ing *film* digambarake luwih medeni supaya nambahi kahanan sing medeni. Nanging ing pethikan iki, wis diandharake yen wewujudan kuntilanak sing asring digambarake masyarakat yaiku wanodya tuwa sing nganggo klambi putih dawa lan rambute putih. Saengga gambaran kuntilanak ing saben daerah beda-beda amarga sebab-sebab tartamtu. Banjur uga diandharake *kemunculan* bangsa alus, yaiku kuntilanak ana ing pethikan ngisor iki.

*Kemunculan Makhluk Halus.* Dalam film *Kuntilanak*, karakter hantu yang dihadirkan adalah kuntilanak. Dalam kepercayaan tradisional terutama yang berlaku di Jawa, kuntilanak merupakan makhluk halus yang masuk golongan *memedi*. Dalam kepercayaan masyarakat, kuntilanak muncul saat menjelang malam (maghrib). Kepercayaan bahwa sosok makhluk halus muncul saat menjelang malam (maghrib) membuat orang tua melarang anaknya keluar saat menjelang malam (maghrib). Hal tersebut dipengaruhi oleh kepercayaan masyarakat Jawa yang mensakralkan waktu tertentu, misalnya di mana dilarang melakukan aktivitas di luar rumah pada saat menjelang matahari terbenam. Masyarakat Jawa meyakini bahwa saat-saat itulah makhluk halus keluar. Berdasarkan hasil temuan menunjukkan bahwa kepercayaan masyarakat bahwa kuntilanak muncul saat menjelang malam (maghrib). Kuntilanak dipercaya akan menculik anak-anak jika keluar saat menjelang malam (maghrib). Mitos tersebut sering digunakan oleh orang tua untuk menakuti anak-anaknya agar tidak keluar saat menjelang malam (maghrib). Kepercayaan masyarakat terhadap makhluk halus muncul saat menjelang malam tiba (maghrib). Hal tersebut setidaknya membuat orang Jawa untuk disiplin waktu dan mengenal waktu. (Maheswarina, Tassa. 2006. *Kepercayaan Masyarakat Jawa Dalam Film Kuntilanak*)

Pethikan iki nuduhake *kemunculane* bangsa alus, yaiku kuntilanak. Kuntilanak klebu golongan *memedi*, yaiku bangsa alus sing meden-medeni nanging ora nganti ngrusak. *Memedi* lanang biasa diarani gendruwo, denen *memedi* wadon biasa diarani wewe. Masyarakat Jawa percaya yen kuntilanak metu utawa gentyangan nalika arep dalu utawa maghrib. Bengi pancen dipercaya wektu metune para bangsa alus. Wektune wiwit surup nganti sadurunge adzan subuh. Mula, yen wis surup ora oleh nggawa bocah cilik metu saka omah, yen metu saka omah dipercaya bisa sawanen. Kapitayan sing kaya mangkono ndadekake wong tuwa menging anake ora oleh metu saka omah yen maghrib, amarga percaya yen maghrib kuwi wektune para bangsa alus metu saka panggonane. Anane kapitayan kaya mangkono njalari tuwuhe mitos sing biasa

## Kapitayan Tumrap Mistis Lan Mitos Sajrone Cerbung Kena Kalaning Sengkala Anggitane A. Sardi (Tintingan Antropologi Sastra)

digunakake dening wong tuwa yaiku kanggo ngeden-  
ngedeni anake.

Kapitayan tumrap mistis sabanjure yaiku ilmu  
gaib. Ing ngisor iki artikel ngenani kapitayan tumrap  
mistis, yaiku ilmu gaib utawa dhukun. Artikel kanthi irah-  
irahan *Pewarisan Ilmu Dukun Dalam Sistem  
Penyembuhan Tradisional* dening Nur Ika Anisa' Ul  
Jannah lan Siti Zurinani. Panliten iki ngendharake ngenani  
wujud dhukun sajrone sistem nambani kanthi tradisional.  
Wujud dhukun sajrone artikel iki diperang dadi lima,  
yaiku bisa dibuktekake sajrone pethikan ing ngisor iki.

*Dukun penyembuh di Desa Sidodadi terdiri dari  
pujonggo atau wong tuwek, tiyang saget, dukun  
gambuh, dukun bayi dan dukun pijat. Selain  
sebagai tenaga penyembuh, seorang dukun juga  
diminta sebagai pemimpin perayaan ritual adat.  
Penyembuhan tradisional dan ritual adat di Desa  
Sidodadi masih berhubungan erat dengan  
kepercayaan rakyat.*

(Jannah & Zurinani. *Pewarisan Ilmu Dukun Dalam  
System Penyembuhan Tradisional*)

Pethikan iki nuduhake peranganane dhukun ana lima,  
yaiku ana pujangga utawa wong tuwek, tiyang saget,  
dhukun gambuh, dhukun bayi lan dhukun pijet. Banjur  
diandharake saliyané nambani, uga dadi pemimpin ritual  
adat. Dhukun kuwi nambani pawongan sing mbutuhake  
kanthi cara tradisional lan ritual isih ana sesambungane  
karo kapitayan ing masyarakat Desa Sidodadi. Perangan-  
perangan dhukun ing ndhuwur bakal diandharake ing  
ngisor iki. Dhukun kaping pisan yaiku pujangga utawa  
wong tuwek, pethikane ana ing ngisor iki.

*Pujonggo (wong tuwek) dianggap memiliki ilmu  
perdukunan yang lebih tinggi dibanding tingkat  
perdukunan yang lainnya yakni dengan  
pengalamannya menyembuhkan orang  
(kemujaraban) serta pengetahuannya mengenai  
ilmu perdukunan. Pujonggo (wong tuwek) juga  
memiliki ritual untuk berhubungan dengan  
kekuatan supranatural. Kekuatan supranatural di  
sini dipahami sebagai roh-roh halus ataupun  
nenek moyang yang sudah meninggal yang  
membantu peningkatan ilmu perdukunan.*

(Jannah & Zurinani. *Pewarisan Ilmu Dukun Dalam  
System Penyembuhan Tradisional*)

Pethikan iki nuduhake peranganane dhukun pujangga  
utawa wong tuwek. Pujangga dipercaya minangka dhukun  
sing nambani utawa ilmu pedhukunan. Ilmu pedhukunan  
iki luwih dhuwur lan luwih kondhang tinimbang perangan  
dhukun liyané. Dhukun iki dipercaya wis nduweni  
pengalaman sing akeh lan bisa nambani wong lara kanthi  
mujarab. Dhukun nduweni ilmu sing beda-beda. Dhukun  
luwih cenderung ing wong sing sepuh amarga dinggep yen

ilmune wis mateng tenan utawa sekti. Jaman biyen uga  
akeh pawongan sing meguru nggolek ilmu kanthi cara  
tapa.

Ing ndhuwur minangka jlentrehan ngenani  
perangan dhukun. Intine dhukun yaiku wong sing  
nduweni ilmu lan bisa nulung wong adhedhasar ilmu sing  
dinduweni lan sing dibutuhake dening pawongan sing  
mbutuhake. Dhukun ing artikel iki klebu dhukun sing  
nduweni ilmu putih, amarga tujuwane nulung. Dudu  
ngirim barang-barang sing bisa ngrusak kayata nyanthet,  
njengges, lan sapanunggalane.

### 5.2 Pamrayoga

Adhedhasar asile panliten, masyarakat Jawa isih  
percaya marang kapitayan tumrap mistis lan mitos.  
Panliten iki kaajab bisa dadi sumbangsih tumrap panliten  
sastra sabanjure, mligine sing nganggo tintingan  
antropologi sastra, senajan isih akeh bab sing kurang lan  
kudu akeh sing dibenerake. Panliten iki uga kaajab supaya  
pamaos mangerteni anane kapitayan ngenani mistis lan  
mitos sing nganti saiki isih ngrembaka ing masyarakat  
Jawa, senajan wis kagolong masyarakat Jawa *modern*.  
Masyarakat Jawa *modern* isih akeh sing percaya anane  
mitos kayata petungan lan isih percaya anane mistis kayata  
dhukun, lan isih akeh maneh liyané sing ana ing sakiwa  
tengene manungsa.

### KAPUSTAKAN

- Aminuddin. 2010. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*.  
Bandung: Sinar Baru Algesido
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu  
Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta
- Basir, Udjang. 2014. *Keterampilan Menulis*. Surabaya:  
Penerbit Bintang Surabaya
- Danandjaja, James. 1994. *Folklor Indonesia*. Jakarta:  
Pustaka Utama Grafiti
- Darni. 2016. *Kekerasan Terhadap Perempuan Dalam  
Fiksi Modern*. Surabaya: Unesa University Press
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metode Penelitian Sastra*.  
Yogyakarta: Pustaka Widyatama
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Mistik Kejawaen Sinkretisme,  
Simbolisme, dan Sufisme dalam Budaya Spiritual  
Jawa*. Yogyakarta: Narasi
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Mistik Kejawaen Sinkretisme,  
Simbolisme, dan Sufisme dalam Budaya Spiritual  
Jawa*. Yogyakarta: Narasi
- Geertz, Clifford. 1981. *Abangan, Santri, Priyayi Dalam  
Masyarakat Jawa*. Terjemahan Aswab Mahasin.  
Jakarta: Pustaka Jaya
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan:  
Pengantar Studi Sastra Lisan*. Surabaya: HISKI  
Komda Jatim



**Kapitayan Tumrap Mistis Lan Mitos Sajrone Cerbung Kena Kalaning Sengkala  
Anggitane A. Sardi (Tintingan Antropologi Sastra)**

- Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka
- Koentjaraningrat. 2005. *Pengantar Antropologi II*. Jakarta: Rineka Cipta
- 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta
- Moleong, Lexy J. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Padmoesoekotjo, 1953. *Ngrengrengan Kasusastran Jawa*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Purnomo, Bambang, 2013. *Filologi dan Studi Sastra Lisan*. Surabaya: Perwira Media Nusantara
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Antropologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Robson. 1978. *Pengkajian Sastra-Sastra Tradisional Indonesia*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
- Sardi, A. 2017. *Kena Kalaning Sengkala. Djaka Lodang*. No. 06-15 Juli-September 2017. Hlm. 49-51
- Semi, M. Atar. 2012. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa Bandung
- Sudikan, Setya Yuwana. 2007. *Antropologi Sastra*. Surabaya: Unesa University Press
- Sugiyono. 2015. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, dan R & D*. Bandung: ALFABETA
- Suwarni. 2015. *Mengenal Sekilas Tradisi Jawa*. Surabaya: Penerbit Bintang Surabaya
- Suwarni. 2018. *Bunga Rampai Bahasa, Sastra dan Budaya*. Surabaya: Penerbit Bintang Surabaya.
- Wahyu, Sri Widayati, dkk. 2008. *Ilmu Sosial Budaya Dasar*. Surabaya: Unesa University Press.
- Yana. 2010. *Falsafah dan Pandangan Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta: Absolut

  
UNESA  
Universitas Negeri Surabaya